



Baton Verite

Nan tan lontan nan yon peyi yo te rele Ozend, te gen yon jij ki tap voyaje de **bouk an bouk**. Yon jou, jij la rive nan yon otèl pou li pran yon ti repo. **Gouvènant** la te fache anpil, paske yon moun te vòlè bag lò pitit fi l . Jij la di : Pa enkyete w. **Sanble** tout moun nan otèl la pou li poze yo kèk kesyon. Lè li pa genyen okenn repons e yo pa t jwenn volè a pami yo, jij la deside pou enplwaye **majik**. Li di yo li pral itilize **kèk** ti bwa pou li ka rive fè la verite sou koze sa-a. Ti bwa sa yo **majik**, m ap ka jwenn ki lès ki vòlè a.

Li bay chak moun yon ti bwa pou yo mete anba kabann yo tout lanwit. Ti bwa a **sipoze** vini de pous pi long, e demen maten lap **konpare** bwa yo e moun ki gen bwa ki vin pi long lan se li ki vòlè a.

Demen maten, jij la rele tout moun bò tab la pou yo mete ti bwa pa yo **akote** pa li a pou li wè ki ti bwa ki te vin pi long. Youn apre lòt tout moun ki te kenbe ti bwa yo a te menn longè ak pa li a. **Toudenkou** jij la tonbe fè **eskandal**, “Mwen jwenn vòlè a “! Se vòlè a! yon madanm ti bwa pa li a te pi kout pase lòt yo.

Lè yo kenbe madanm la, li **konfese** la **verite** e li retounen bag lò a. Tout moun te yon ti jan **trouble** sou koze Baton Verite la. Jij la te di se moun ki genyen bwa ki pi long lan se li ki vòlè a, trouve kounye a se moun ti bwa pi kout la, ki vòlè a. “Sak pase la a ?”

Baton Verite

Supporting Comprehension

1. Pou kisa otè a te itilize ti bwa yo?
2. Pou kisa otè a fè vòlè a panse ti bwa yo tap revele verite?
3. Nonmen mo yo ki fè w jwenn solisyon pou resoud investigasyon an?
4. Ki Jan ti bwa Madanm nan fè vin pi piti pase tout lòt yo ?

Comparing and Contrasting Mysteries

1. Eske tout mistè nan istwa a devwale menn jan? Eskplike repons w ou?
2. Sèvi ak istwa a pou dekri tout element yon mistè?
3. Konpare e fè yon diferans ant yon jij ak yon detectif ?
4. Ki jan ou ta rezime sa ki fè yon bon mistè ?
5. Fè Konklisyon ak jijman base sou detay ki nan istwa a.